# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–22 जून 2026** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु फिरोजाबाद में छौ सौ अट्ठावन करोड़ रुपिया से बेसी लागत क कई गो विकास परियोजनन क लोकार्पण अउर नेई धइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि डबल इंजन क सरकार कारीगरन अउर उद्यमियन के साथे कंधा से कंधा मिलाके उनकर बिकास अउर प्रोत्साहन बदे पुरहर प्रतिबद्धता के साथे कार कई रहल हवें। श्री योगी कहलें कि फिरोजाबाद क ग्लास उद्योग नवाचार क एगो नया केंद्र बनके उभरल हौ।

**फिरोजाबाद का ग्लास का उद्योग नवाचार का एक नया केंद्र बना है। इसने चीन को पछाड़ दिया है। पहले, होली, दीपावली, विजयादशमी, कोई पर्व और त्यौहार आता था, हम लोग देखते थे कि चीन से बने हुए उत्पाद ही मार्केट में पहुँचती थी। अब यहाँ के कारीगरों ने नयी तकनीक ली, कारीगरों ने डिजाइन तय की। मार्केट की डिमांड क्या है उसके अनुरूप बनाना शुरू कर दिया। परिणाम है, अब दीपावली हो या विजयादशमी, होली हो या कोई पर्व और त्यौहार, जन्मदिन या कोई भी अन्य आयोजन, कोई अतिथि आता है तो ग्लास की एक सुंदर सी मूर्ति, सुंदर सी प्रतिकृति जब अतिथि को मिलती है तो वो देख कर के भौंचक रहता है। वो देखते ही रह जाता है कि ये किसने बनाया है! तो मैं कहता हूँ ये फिरोजाबाद के हमारे कारीगरों ने बनाया है, वहाँ के उद्यमियों के परिश्रम का ये परिणाम है।**

येह मौका पर मुख्यमंत्री, प्रधानमंत्री आवास योजना (शहरी) के लाभार्थियन के चाबी अउर कईगो योजनन के लाभार्थियन के प्रमाण–पत्र दिहलें अउर चेको बंटलें।

**********

लखनऊ के अलीगंज इलाका में आजु एगो दुकान के ऊपर चलत कोचिंग सेंटर में भयानक आगि लाग गइल, जेकरा से ओइजा अफरा–तफरी मच गइल। दमकलकर्मी, पुलिसकर्मी अउरी जिला प्रशासन के अधिकारी लोग मौका पर पहुँच के बचाव के कार में लागल बा। दुरघटना में घायल भइल लोगिन के अस्पतालन में भरती करावल गइल हौ। ओइजा उनकर इलाज चलि रहल हौ। उत्तर प्रदेश के उपमुख्यमंत्री बृजेश पाठको घटना स्थल पर पहुँच गइले अउरी स्थानीय प्रशासन, पुलिस आ एसडीआरएफ के टीमन के ओरि से चलावल जा रहल बचाव अउरी राहत कार क जायजा लेत बाटें। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एह दुर्घटना पर गहरा दुख जतावले हवें। उहां के एगो सोशल मीडिया पोस्ट में कहले हवें कि लखनऊ में आगलगी के दुर्घटना में भइल जनहानि बहुत दुखद बा। हमार संवेदना सोकाकुल परिवारन के साथे बा।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट में 'योगी क पाती' साझा करत बरखा ऋतु के अइले पर लोगिन से खास सतर्कता बरतले क अपील कइले हवें। एगो रिपोर्ट–

**मुख्यमंत्री ने कहा है कि वर्षा ऋतु नवसृजन, संवर्धन और समृद्धि का आगमन है। वर्षा ऋतु के साथ चातुर्मास का यह समय हमें प्रकृति के साथ सह–अस्तित्व, संयम, संवेदनशीलता और संतुलित जीवन का संदेश देता है। श्री योगी ने कहा कि वर्षा के समय आकाशीय बिजली गिरने की घटनाएं भी होती हैं, इसलिए उस समय अनावश्यक रूप से घर से बाहर न निकलें और पेड़ों के नीचे खड़े न हों। उन्होंने कहा कई बार अतिवृष्टि के कारण नदियों एवं जलाशयों का जलस्तर तेजी से बढ़ जाता है। अतः इस दौरान नदियों एवं जलाशयों में स्नान करते समय विशेष सावधानी बरतें। श्री योगी ने एक पेड़ मां के नाम अभियान के तहत पेड़ लगाने, जल संचयन और जैविक खेती को बढ़ावा देने पर भी जोर दिया। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आजु कानून अउर न्याय मंत्री अर्जुन राम मेघवाल क एगो लेख साझा कइलें। येह लेख में कानून व्यवस्था के मजबूत कइले, न्याय क प्रक्रिया के असान बनवले अउर नागरिकन बदे सरकारी सेवा के ज्यादे सुलभ बनावे क सरकार के कोसिसन क उल्लेख कइल गइल हौ।

**********

कुख्यात अपराधी ललन सिंह के काल्हि रतिए सहारनपुर में उत्तर प्रदेस बिसेष कार्य बल– एसटीएफ मुठभेड़ में मार गिरवलस। ओहपर एक लाख पचीस हजार रुपिया क इनाम रहल।

**********

बहराइच जिला क जरवल थाना क्षेत्र में आजु भिन्नही एगो सड़क हादसा में दूगो भाई के सथही तीनि लोगिन क मउति हो गइल। हादसा मोटरसाइकिल के अनियंत्रित होके सड़क के किनारे बनल पुलियासे टकरा गइले के नाते भइल। दुर्घटना क सूचना पवते पुलिस मौका पर पहुंचलस अउर सज्जो सव के कब्जा में लेके पोस्मार्टम खातिर भेजि देहलसि।

**********

गोरखपुर, महराजगंज अउर कुशीनगर के सथहीं पूर्वी उत्तर प्रदेस के कइगो जिला में गरज चमक के साथे भइल हल्लुकाहे बरखा से लोगिन के भीसण गरमी से राहत मिलल हौ। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटा में देवरिया, गोरखपुर, संत कबीर नगर, कुशीनगर, महराजगंज, सिद्धार्थनगर अउर बलरामपुर के सथहीं कइगो जिला में गरज चमक के साथे बरखा क आगम जतवले हवे। हालांकि मौसम बिभाग के हिसाबि से तापमान में कउनो बड़हन बदलाव क आगम नाही हौ।

**********